

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, jeung RÉKOMÉNDASI**

Dina ieu bab dipidangkeun kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi ngeunaan hasil panalungtikan hubungan makéna basa sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina paguneman.

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar hasil analisis data, ieu panalungtikan bisa dicindekeun di handap.

- a. Basa sapopoé siswa kelas X-A SMK YAPPRI Jatinunggal lolobana maké basa Sunda nyaéta aya 22 urang (85%), sedengkeun 4 urang (15%) maké basa Campuran (Sunda- Indonesia). Anapon ragam basa sapopoé nu dipaké ku siswa kelas X-A SMK YAPPRI Jatinunggal lolobana maké ragam basa hormat (lemes) nyaéta aya 14 urang (54%) sedengkeun nu maké ragam loma (sedeng/cohag) 12 urang (46%).
- b. Kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa nu merenah dina nulis paguneman siswa kelas X-A SMK YAPPRI Jatinunggal nyaéta 83% Dumasar patokan nilai skala opat, 83 % kaasup kana katégori B, hartina kamampuhna alus.
- c. Tina tilu sub variabel nu dikorélasikeun nuduhkeun yén Hipotésis nol ( $H_0$ ) dina ieu panalungtikan ditarima sabab hasil  $X^2$  itung  $\leq X^2$  table, hartina euweuh hubungan nu signifikan antara makéna basa sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman siswa kelas X-A SMK YAPPRI Jatinunggal.

#### **5.2 Implikasi**

Hasil ieu panalungtikan némbongkeun yén basa nu dipaké ku siswa dina kagiatan sapopoéna henteu mangaruhan kana kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman. Siswa nu sapopoéna maké basa Sunda, ragam basa hormat (lemes), jeung ragam basa loma (sedeng/cohag) can tangtu hadé dina ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman. Kitu

Tita Oktavian, 2017

*HUBUNGAN PENGGUNAAN BAHASA SEHARI-HARI DENGAN KEMAMPUAN MENGGUNAKAN TATAKRAMA BASA DALAM MENULIS DIALOG SISWA KELAS X-A SMK YAPPRI JATINUNGGAL TAUN AJARAN 2016/2017*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ogé Siswa nu sapopoéna maké basa campuran, ragam basa hormat (lemes), jeung ragam basa loma (sedeng/cohag) can tangtu hade dina ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman.

Sanajan dina tiori disebutkeun yén basa téh miboga peran nu poténsial bisa mangaruhan kana kamekaran, kahirupan, jeung sikep manusa, tapi pangaruhna kana kaparigelan nulis dina ieu panalungtikan tangtuna dina ngalarapkeun tatakrama basa mah henteu signifikan. Implikasi tina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. ngalatih kamampuh komunikasi siswa ngagunakeun basa Sunda bari ngalarapkeun tatakrama basana;
- b. pikeun ngaronjatkeun kualitas ngajar basa Sunda, utamana dina ngalatih kaparigelan nulis siswa, jeung umajak sangkan siswa daék tur reueus ngagunakeun basa sunda bari ngalarapkeun tatakrama basa;
- c. pengamat pendidikan kudu wanoh yén dipakéna basa sunda di sawatara sakola masih kénéh handap, hartina dipakéna basa sunda di lingkungan sakola kudu dironjatkeun.

### 5.3 Rékomendasi

Nilik kana hasil panalungtikan, aya sawatara hal nu perlu diperhatikeun, di antarana ieu di handap.

- a. Hasil panalungtikan nétélakeun makéna basa Sunda hormat, basa Sunda loma, jeung basa campuran nuduhkeun euweuh hubungan nu signifikan kana kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman. Ieu hal katitén tina hasil analisis siswa nu sapopoéna ngagunakeun basa Sunda. Can tangtu di daérah pakotaan nu sapopoéna teu ngagunakeun basa Sunda. Ku kituna, perlu ayana panalungtikan nu leuwih jero. Upamana panalungtikan ka daérah pakotaan nu sapopoéna lain ngagunakeun basa Sunda.

- b. Ieu panalungtikan kakara ngahubungkeun makéna basa sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjén nu maluruh hubungan antara makéna basa sapopoé jeung kaparigelan basa séjénna, saperti kaparigelan maca, ngaregepkeun, jeung nyarita.